

# Kous Obstak 2

## Kous la

Jwè 1-4



Laj 4+



10-15 min

### OBJEKTIF

Timoun yo itilize langaj espasyal pou deplase nan yon kous obstak.

### MATERYÈL


Nenpòt mwayèn-a-gwo atik (pa egzanp, bwat, mèb)



Youn “objè mistè” (pa egzanp, jwèt, liv)



Kat Mo Espasyal



### VOKABILÈ

Anlè

Anba

Alantou

Anndan

### KESYON

Ki jan ou te fè konnen ki kote pou pase?

Èske ou ka dekri chemen ou te pase a?

### KÒMAN POU JWE

1. Kreye pakou **Kous Obstak Pati 1** an avèk “objè mistè” a kache nan pwen final la.
2. Di, “Kounye a li lè pou ou pase nan pakou kous obstak la!” Gen

yon objè mistè nan fen kous obstak la pou ou jwenn. Ou ka chwazi kijan pou w deplase nan kous obstak la lè w chwazi yon kat espasyal nan chak etap.

3. Fè timoun nan pwoche toupre premye objè nan kous obstak la. Lonje kat espasyal yo bay yo epi mande timoun nan pou l chwazi yon kat. Timoun nan ap franchi obstak yo dapre mo espasyal yo.

“Ou chwazi **alantou**! Èske ou ka montre m kijan pou w pase **alantou** chèz la?”



4. Yon fwa timoun nan fin fè mouvman ki sou kat espasyal la, fè l ale nan pwochen etap kous obstak la. Nan chak etap ki rete, fè timoun nan chwazi yon kat mo espasyal epi fè pakou etap la dapre kat la.
5. Nan dènye etap la, fè timoun nan chèche epi rekipere objè mistè a. Mande,



“Ki kote objè mistè a te ye? Èske li te **anndan**, **akote**, oubyen **ant**? Èske ou ka dekri pakou ou nan kous obstak la avèk mo espasyal?”

Nòt : Ou ka ede timoun yo lè w poze yo kesyon tankou, “Èske ou te sote **anlè** oswa **anba** zòrye a?”

6. Yon fwa tout timoun yo fin fè yon tou nan kous obstak la, ale nan **Kous Obstak Pati 3: Kat la!**

## KONSÈY POU JWE

- Timoun yo ka itilize kat mo espasyal yo plis pase yon fwa oubyen yo pa itilize yo ditou. Nan nenpòt ka, ankouraje yo pou yo pale sou kijan y ap deplase nan kous obstak la.

## KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Tande, aprann, epi itilize langaj espasyal ede timoun yo devlope konpetans espasyal yo bezwen nan lekòl primè ak apre.
- Lè timoun yo di mo espasyal epi yo fè demonstrasyon mouvman espasyal, y ap pratike ni matematik yo ni konpetans langaj yo.
- Sèvi ak deskripsyon espasyal ki pi difisil pandan timoun yo ap prepare. Pa egzanp, sèvi ak plizyè mo espasyal nan menm fraz la: “Èske ou ka ranmase chosèt la? Li **anba** tab ki **bò** fenèt la.”

## MATH TOPICS

Relasyon Espasyal

Mezi

## VIDEYO



### Gade Jwèt Videyo

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kous Obstak Pati 2*.